



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 2/12/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

## **GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO ETABLISMAN TRETMAN ADIKSYON NAN NORTH COUNTRY**

***Nouvo akò ap kreye travay epi pèmèt livrezon itilizasyon sèvis tretman sibstans pou twoub nan bilding eta ki adapte pou yon lòt itilizasyon***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse yon nouvo kontra pou pote dezentoksifikasyon ak sèvis anbilatwa pou twoub abi sibstans nan konte Clinton, Essex ak Franklin. Efò kolaborasyon pa Biwo Sèvis Abi Sibstans ak Alkòl Eta New York, Depatman Konsèvasyon Anviwònman Eta New York, ak Biwo Sèvis Jeneral Eta New York ap pèmèt founisè tretman sètifye-OASAS, pou ouvè yon etablisman nan Schuyler Falls. Sant lan ap bay dezentoksifikasyon, stabilizasyon/ relèv ak sèvis twoub abi sibstans anbilatwa e lap fonksyone 24èdtan pa jou, 7 jou pa semèn.

“Sant lan ap elaji opsyon tretman nan North Country, ede moun sila yo kap lite avèk adiksyon epi sove lavi nan pwosesis la,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Sa a se yon lòt etap nan bi pou devlope yon New York ki pi ansante ak pi solid.”

Nouvo sant tretman an ap lokalize nan 516 Norrisville Road sou kanpis ansyen Sant Rezidansyèl Adirondack, yon etablisman ke Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi te itilize anvansa kòm yon sant fòmasyon reyabilitasyon jèn ak konsèvasyon sou tè anba jiridiksyon DEC. Lè yo re-ouvè etablisman sa, eta ap kreye nouvo djòb nan pati nò New York pou renove bilding sa yo epi ede avèk tretman abi sibstans.

**Komisyone Sèvis Abi Sibstans ak Alkòl Eta New York Arlene González-Sánchez te deklare,** “Adiksyon se yon maladi ki afekte kominote nou yo toupatou nan eta. Etablisman tretamn re-oryante sa ap non sèlman bay rezidan North Country yo aksè a tretman, pi pre kote yo abite a, men li pral mete yo sou chemen rekiperasyon kont adiksyon.”

**Komisè pa Entèrim Depatman Konsèvasyon Anviwonman Basil Seggos te deklare,** “DEC fyè pou l fè patenarya avèk OASAS ak OGS pou fè nouvo etablisman tretman sa vini yon reyelite. Pase tan nan lanati gen anpil benefis sante, e lè nou santre nouvo etablisman sa nan Adirondack Park li pral kreye nouvo opòtinite pou pwogram inovasyon tretman nan vas espas lib New York yo.”

**Komisyone Biwo Sèvis Jeneral Eta New York RoAnn Destito te deklare,** “Abi

sibstans pa gen fwontyè jeyografik. Konbat maladi adiksyon alavans se yon priorite pou Gouvènè a e nou kontan dèske nou te jwe wòl pa nou pou ede pote chanjman lavi, posiblerman tretman kap sove lavi nan North Country.”

**Senatè Eta New York Betty Little te deklare,** “Konsekans mòtèl ak destriktif adiksyon ewoyin ak opyat te frape North Country anpil. Youn nan defi moun ki adikte a ansanm avèk fanmi w andire nan yon anviwonman rural se aksè pou tretman. Pou mete fen nan sik depandans lan, nou bezwen dezentoksifikasyon lokal, tretman entansif ak asistans anbilatwa. Sant tretman sa ap reponn a bezwen sa. Kolaborasyon OASAS, DEC ak OGS, travay avèk Sant Fanmi, Champlain Valley reprezante bon jan kalite travay ke gouvènman ka fè. Anons jodia se yon bèl rezilta pou North Country e mwen konplimante Direktè Egzekitif CVFC Connie Wille pou vizyon ak angajman li.”

**Manm Asanble Janet Duprey te deklare,** “Mwen kontan dèske m wè etablisman sa re-ouvè pou reponn a bezwen moun sila yo kap souffri avèk adiksyon ewoyin/opyat. Sant Fanmi Champlain Valley ap bay sèvis eksepsyonèl e etablisman sa ap amelyore grandman kapasite yo pou sèvi sila yo kap chèche asistans pou rekipere nan adiksyon.”

**Direktè Egzekitif, Champlain Valley Family Center for Drug Treatment and Youth Services, Inc. Constance Wille te deklare,** “Pwojè sa ap pote tretman imedyat pou moun yo nan rejyon nou an. Nou santi nou enpwisan paske nou pa ka ede moun yo lè yo dezespere e sèvis ijans enpòtan anpil. Aksè imedyat ap pi gwo kado pou pwojè sa a.”

Nouyòkè yo ki gen difikilte avèk yon adiksyon, oswa ki gen pwòch paran ki gen difikilte, ka jwenn èd ak espwa lè yo rele nimewo telefòn gratis Eta, 24-èdtan pa jou, 7-jou nan yon semèn liy HOPE nan 1-877-8-HOPENY (1-877-846-7369). Pou jwenn zouti pou itilize pou ka pale avèk yon jèn moun sou prevansyon alkòl oswa itilizasyon dwòg, vizite sitwèb Talk2Prevent la. Vizite <http://www.combatheroin.ny.gov/> pou w jwenn plis enfòmasyon sou adrese ewoyin ak abi preskripsyon opyòd, enkli yon twous Zouti Tab Kwizin pou ede kòmanse konvèsasyon an sou siy avètisman adiksyon ak ki kote pou w jwenn èd. Ou ka lokalize founisè tretman adiksyon sou paj Jwenn Èd NYS OASAS e ou ka jwenn kabann tretman disponib lè ou itilize Tablo disponibilite kabann OASAS.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418